ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№131 (23.539) ● 2017 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 12, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Тхьэкіумашэ М. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Сурэт гъуазджэм зегъэужьыным езым и щхьэкІэ куэд зэрыхищІыхьам кІыхькІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Тхьэкіумашэ Михаил Хьэмид и къуэм**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м
№102-УГ

● Хъуэхъухэр

ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий деж

ПщІэ зыхуэсщІ Аслъэнджэрий КІытІэ и къуэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цІэкІэ, апхуэдэу си цІыхьэкІэ къызбгъэдэкІыу си гуапэу сынохъэхъэху уи гъащІэм щыщ пІалъэ гъуэзэджэмкІэ - уи ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъмкІэ.

Уи гъащІэ гъуэгур ущалъхуа республикэмрэ Урысеймрэ щІыхь пылъу икІи емызэшыжу ятелэжьэным и щапхъэщ. Уэ пхэлъ егупъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ, ббгъэдэлъ щІэныгъэ куум, губзыгъагъэм, гъащІэм зэрыхэпщІыкІым икІи уи Хэкум лъагъуныгъэкІэ уэзрыбгъэдэтым я фІыщІэкІэ ухъуащ укъызыхэкІа лъэпкъым и пашэ нэс икІи къэралым пщІэ щызиІэ политикэ лэжьакІуэхэм уагуэващ.

Урысей Федерацэ зэкъуэтым хэт Адыгэ Республикэ щхьэхуитым мыхьэнэшхуэ зиІэ икІи псори зыщыгъуазэ и ехьулІэныгъэхэм ящыщ куэд уэ уи цІэм кІыгуэхыпІэ имыІэу пыщІащ.

Си гуапэу сынохъэхъу узыншагъэ быдэ, ефІэкІуэныгъэ уиІэну, илъэс куэдкІэ насыпыфІэу упсэуну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий.
Налшык къалэ,
2017 гъэ, бадзэуэгъуэм и 12-м

● ДифІ догъэлъапІэ

Илъэс куэдкІэ ди япэ итыну!

Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ гъуэзджэхэмкІэ щыхьзиІэ я лэжьакІуэ, «ЩІыхь дамыгъэ» орденыр зыхуагъэфэща скульптор цІэрыІуэ Тхьэкіумашэ Михаил Хьэмид и къуэм и ныбжьыр нобэ илъэс 90 ирокъу.

РЕСПУБЛИКЭМ, къэралым и монументальнэ гъуэзджэм, художественнэ щэнхабзэм я лъабжьэр зыгъэтІылъа, а Іэнатіэхэм хэлъхьэныгъэфІэр хуэзыщІа Тхьэкіумашэ Михаил иджыри еш имыщІэу мэлажьэ, мывэхум, гранитым, домбеякъым, пхъэм «псэ яхилъхьэу», ахэр «къиГэпсалъэу». Абы и Іэдакъэ къыщІэкІа скульптурэхэм, бюстхэм ди щыналъэм и мызакъуэу, къэралым и щІыпІэ куэдым пщІэшхуэ щагъуэтащ. Тхьэкіумашэм ищІащ литературэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм зи цІэр къыхэнахэм, жылагъуэ лэжьакІуэхэм, политикэм, лэжьакІуэшхуэхэм, 115-нэ щуудзэм хэту зауэм хэкІуэдахэм ящыщ куэдым фэеплъхэр. Абыхэм ящыщ куэд щахъумэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм я кІалэхэм дэт музейхэм. Ди фІэщ мэхъу скульпторым и лэжьыгъэхэр гъащІэ кІыхь зэрыхъунур, ахэр хэкІуэну щІэблэхэм зэралъагъунур, я мыхьэнэр зэрыиныр зэрызэхащІыкІынур.

Гъэзджэм и цІыху цІэрыІуэр узыншагъэ быдэ иІэу, гуфІэгъуэ щымыщІэу, дэрэжэгъуэмрэ гукъыдэжымрэ и куэду, зыхуэлажьэ лъэпкъыр абы и зэфІэкІхэм иригушхуэу илъэс куэдкІэ ди япэ итыну ди гуапэщ!

КъыхуащІ пщІэм хэхъуэ зэпыту

2006 - 2017 гъэхэм Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэу щыта, иджыпсту АР-м и къэрал чэнджэщэгъуэ, МКЪТУ-м и президент «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и IV нагъыщэр, ЩІыхьым, Зэныбжьэгъугъэм я орденхэр, «Адыгейм и ЩІыхь» медалыр зыхуагъэфэща, Урысей Федерацэм, Абхъаз Республикэм щІыхь зиІэ я егъэджакІуэ, Адыгейм, КъБР-м, КъШР-м, Дагъыстэным, Ингушым, Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Шэшэным щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, «Кубаным лэжьыгъэмкІэ и лІыхъужь» цІэ лъапІэр зезыхьэ Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрий и ныбжьыр нобэ илъэс 70 ирокъу.

Къэрал, политикэ лэжьакІуэм и цІэр къыгуэхпІэ имыІэу епхащ Адыгэ Республикэм и зэфІэувэныгъэм, зыужьныгъэм. Къикіуа гъуэгуанэм нобэ ирипльэжмэ, Аслъэнджэрий игу хэзыгъэхъуэну къыздэхъуар мащІэхъым. Илъэсипщым щІигъукІэ зэрихьа къулыкъу лъагэм абы пщІэрэ щІыхьрэ къыщилэжьащ, къэралми, республикэми я тхыдэм и цІэр фІыкІэ къыхэнащ.

И зэфІэкІрэ къаурэ емыблэжу и хэкум хуэлэжьащи, нобэ къыхуащІ пщІэм хэхъуэ зэпыту, и мурадхэр кьехъулІэу иджыри илъэс куэдкІэ узынщэну дохъуэхъу.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэ,
Дунейпсо Адыгэ Хасэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ.

● КъБР-м и Правительствэм



Мусуков А. ТІ. иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и деж Гъуэгухэм шынагъуэншагъэ къыщыІэзэгъэпэщынымкІэ ведомствэхэм зэдайуэ щыІэ комиссэм и зэІущІэ

Мусуков А. ТІ. иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и деж Гъуэгухэм шынагъуэншагъэ къыщыІэзэгъэпэщынымкІэ ведомствэхэм зэдайуэ щыІэ комиссэм и зэІущІэ. Абы щыхэплъащ щІыналъэ, федеральнэ мыхьэнэ зиІэ гъуэгухэм къыщыхъу фэбжьхэр гъэмэщІэным хуэгъэзэуэ ирагъэкІуэкІэжьыгъэм кърикІуэхэм. Гулъытэ хэха хуащІащ еджапІэхэм япэгъунэгъуу щыІэ лъэс зекІуапІэхэм яхуэсакъынымк, абыхэм гъуэгу дамыгъэхэр тэмэму щыгъэувыным.

ЗЫТЕПСэПЪЫХь Іуэхум теухуауэ зэІущІэм докладхэр щащІащ КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІ Бэджыдэ Ю. М., КъБР-м Транспортымрэ связькІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Ульбашеевэ Е. М., Транспортым и Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкІэ федеральнэ къулыкъушІапІэм и ЩІыналъэ зэхуаку управленэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм КъБР-м и автомобиль гъуэгуэм якІэлъыплъынымкІэ и Іэнатіэм и унафэщІ Кабардиков А. М. сымэ.

Абыхэм зэрыжаІамкІэ, республикэм тэмэму гъэзэщІа щохьу «2013 - 2020 гъэхэм гъуэгуэм шынагъуэншагъэ къызэрыщыізэрагъэпэщыр ирагъэфІэкІуэныр» федеральнэ программэ хэхам къиГэувэхэр. Къапщтэмэ, дызэрыт илъэсым и апэ мазихым республикэм нэхъ мащІэ щыхъуащ гъуэгуэхэм щызэжьэхуэхэм я бжыгъэр процент 11-м щІигъкІэ, апхуэдэ щІэщхьэхэм хэкІуэдахэр - процент 30-кІэ, фэбжь хэзыхахэр - процент 19,1-кІэ. Апхуэдэу щыт пэтми, мы Іуэхум нэсу арэзы укъищІыркъым, псом хуэмыдэу район щхьэхуэхэм я гъуэгуэхэм зыхуэфащэ лэжьыгъэ псори щрагъэкІуэкІыу пхужьІэнукъым.

Сабийхэм ящыщу гъуэгуэхэм къыщыхъу щІэщхьэхэм хэхуэхэр ягъэмэщІэн папщІэ, зэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, иджыпсту нэхъ щІэгъэхуэбжьауэ ядэлэжьэн хуейщ зыгъэпсэхупІэ лагерхэм щыІэ школакІуэхэм. Апхуэдэу лъэс зекІуапІэхэм зыхуэфащэ дамыгъэхэр щытрадзэкІэ, жиІащ Мусуков Алий, иджырей технологиехэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ къэгъэсэбэныпхъэщ.

Къэпсэлъахэм къыхалъхьахэм ялкъ иткІэ зэІущІэм щІэсахэм унафэ пыухыкІа къащтащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

НОБЭ

♦ЦІыхухэр къыззэрыращэкІ къэухьлъатэхэм я бортпроводникхэм я дунейпсо махуэщ

♦УФ-м щагъэлъапІэ Суэрэтехым и махуэр

♦Белоруссием и налог Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1590 гъэм Саратов къалэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

♦1641 гъэм Астрахань хъаныдзэм Балъкъ и деж щриГэкІуэкІа зауэм хэкІуэдащ Къундет зэшхэр - Чэлимэтрэ Елдаррэ.

♦1783 гъэм Бытырбыху къыщыізІуахащ Театр иныр, иужькІэ Мариинскэ цІэр зыфІащыжар.

♦1862 гъэм США-м и дзэм къулыкъу щызыщІэхэм хуагъэфащэ дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр - ЩІыхьым и Медалыр - ягъуэщащ.

♦1916 гъэм Япэ дунейпсо зауэм химие Іэщэ - иприт газыр - къыщагъэсэбэпауэ щытащ. Германием, инджылызхэмрэ франджызхэмрэ я дзэхэм я ебгъэрыкІуэныгъэр къызэпидудын мурадкІэ, дунейм зэи къыщымыхъуауэ, химие Іэщэ Бельгием и кьалэ Ипр деж къыщигъэсэбэпащ. Зауэр щекІуэкІа щІыпІэм и цІэр фІащауэ щытащ а щхьэхуэ лІэужьыгъуэм.

♦1943 гъэм Прохоровкэ къуажэм деж щекІуэкІащ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм щынэхъ гуащІэ дыдэу къалъыта, лъэныкъуитІми я танкхэр щызэпэщІэта зауэр.

♦1988 гъэм Нагорнэ Карабахым и областной советым унафэ къищтащ областыр Азербайджаным къызэрыхэкІым теухуауэ.

♦1998 гъэм Франджым футболымкІэ и командэ къыхэхар апхуэдэ лъагапІэ зэи нэмысауэ, дуней псом и чемпион хуащІ. КІэух зэІущІэм ар Бразилием и командэм 3:0-у щытекІуат.

♦2009 гъэм Литвам и президенту Грибаускайте Даля хахащ, а къулыкъум цІыхубз нэхъапэм зэи темытауэ.

♦Чилим щыщ усакІуэ, Нобель и саугъэтыр зрата **Нерудэ Паблэ** (и цІэ дыдэр **Рикардэ Элизер Нефтали Рейес Басуальтощ**) къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦УФ-м, КъБР-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ **ТхьэкІумашэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.

♦Уэрэджьіакіуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубз артисткэ **Толкуновэ Валентинэ** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Сценарийхэр зытх, кинорежиссёр цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубз артист **Лунгин Павел** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Социологие щІэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор, Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ и илъэс куэдкІэ лэжьа **ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Дзюдо спорт лІэужьыгъуэмкІэ дунейм и чемпион **Лъэцэр Хьэрэт** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цІыхубз артист **Домогаров Александр** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытыну. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Удын зэхэдзэ нэхърэ - Іыхьэ зэхэдзэ.

КъБР-р яхэтщ лэжьапІэншэхэр нэхъ мащІэ щыхъуа щІыналъэу 8-м

Къэралым лэжьапІэ зиІэ щыІэхэм я бжыгъэр мэкъуауэгъуэм и 28-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 5-м нэсыху процент 1,3-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Абы и лъэныкъуэкІэ зи Іуэхур нэхъыфІхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Саха Республикэр, Крымыр, Омскэ, Волгоград, Рязань, Новосибирск областхэр, Ямало-Ненецкэ автономнэ округыр.

Кавказ Ищхьэрэм и шахматистхэр ди деж щызэпеуэнущ

Бадзэуэгъуэм и 13 - 20-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІынущ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и шахматист нэхъыфІхэм я еблагъэ чемпионат. Зэхьэзэхуэм кьрихьэлІэнущ спортсмен 50 хуэдиз.

ТекІуахэм щІыхь тхыльхэр, медалхэр, кубокхэр иратынущ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэным пыщІа лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыну хуит зэращІ лицензэхэр тынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм теухуа Положенэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэным пыщІа лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыну хуит зэращІ лицензэхэр тынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм теухуа Положенэр къэщтэн.

2. Кьару имыІэжу къэлъытэн «Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэным пыщІа лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыну хуит зэращІ лицензэхэр тынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм дыдэгъэгъазэм и 23-м къыдигъэкІа Указ №260-УГ-м.

3. Мы Указым кьару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ икІи абы и кьарур ятохуэ фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэным пыщІа лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыну хуит зэращІ лицензэхэр тынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэр къызэрагъэпэщу зэрыщІадзам пыщІауэ зэхуэуа хабзэ зэхуэцытыкІэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м
№97-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №2241-УГ-мкІэ къыштам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ **унафэ сощ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкІауэ хэтхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №241-УГ-мкІэ къыштам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы хэгъэхьэн Безниковэ Ириндэ Сергей и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м
№100-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и язныкъуэ указхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 10-м къыдигъэкІа Указ №16-УГ-мкІэ къыштам, мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым кьыхэгъэкІыжын Воронин С. В. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*;

б) Советым кьыхэгъэкІыжын Усов О. Л.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр хъумэнымкІэ зэпымыууэ лажьэ и зэзыгъэуІу зэхуэсым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр хъумэнымкІэ зэпымыууэ лажьэ и зэзыгъэуІу зэхуэсым хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 10-м къыдигъэкІа Указ №17-УГ-мкІэ къыштам, мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) зэзыгъэуІу зэхуэсым хэгъэхьэн Воронин С. В. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*;

б) зэзыгъэуІу зэхуэсым кьыхэгъэкІыжын Усов О. Л.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хабзэм къемыдзэгъэІуу промышленнэ продукцэ зэрыщыізэблагъэкІым пэщІэтыныкІэ комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хабзэм къемыдзэгъэІуу промышленнэ продукцэ зэрыщыізэблагъэкІым пэщІэтыныкІэ комиссэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдигъэкІа Указ №101 УГ-мкІэ къыштам, мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн Воронин С. В. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр;

б) Комиссэм кьыхэгъэкІыжын Усов О. Л.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм я япэщІэтыныкІэ и комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм я япэщІэтыныкІэ и комиссэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №176-УГ-мкІэ къыштам, мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн Воронин С.В. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр;

б) Комиссэм кьыхэгъэкІыжын Усов О. Л.

5. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м
№101-УГ

Тэнащ Иннэ Сурдлимп джэгухэм макІуэ

● Хъыбар гуапэ

Бадзэуэгъуэм и 18 - 30-хэм Тыркум щекІуэкІынущ XXIII гъэмахуэ Сурдлимп джэгуэр. Дзюдомкіэ зэхьэзэхуэм абы щыхэтынущ ди лъахэгъу Тэнащ Иннэ.

Емкъуж Мухьэмэдрэ Тэнащ Иннэрэ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Дзюдомкіэ и федерацэм и унафэщІ Емкъуж Мухьэмэд хъыбар къыззрыдигъэщІамкІэ, зи тхьэкІумэхэм щІагъуэу зэхамыхьхэм ящыщу къэралым и гуп къыхэхам хагъэхьащ Тэнащ Иннэ. Ар щыбэнэнущ килограмм 52-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм.

Сурдлимп джэгуэр щекІуэкІынущ Тыркум и Самсун къалэм. Дзюдомкіэ зэхьэзэхуэхэм щІадзэ- лІэныгъэхэр щиІэну ди нущ бадзэуэгъуэм и 20-м. гуапэщ.

Тэнащ Иннэ абыхэм ехьу-

ХЬЭТАУ Ислъам.

Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэр зэрагъэлъэпIар

ФIы псоми я къежьапIэ

Урысейпсо махуэшхуэм теухуа зэхьихьэ гуапэхэр республикэм и къалащхьэми щекIуэкIащ.

Налшык къалэ округым и ЦIыхубзхэм я советым, Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм я гущэ Дыджэш Лидэ къалащхьэм и щIыпIэ дахэхэм ящыщ, тхакIуэ цIэрыIуэ Вовчок Маркэ и цIэр зезыхьэ литературэ музейм и пщIантIэм щырагъэкIуэнкIащ зэхьихьэ гъэщIэгъуэн. Абы щагъэлъапIащ я сабий цIыкIуэхэр ящIыгъуу къэкIуа анэхэр. Псалъэ гуапэ кузд хужаIащ цIыхубз лэжьакIуэхэм, цIыхубз ветеранхэм. Унагъуэм и джэлэс цIыхубзхэм къаIуащIащ шынэшынэ Iэрамэ къаIэщIэзылъхьаэр.

- 2008 гъэ лъандэрэ ди къэралым щагъэлъапIэ махуэшхэр унагъуэм илъын хуей зэкъуэтыныгъэм, зэгурыIуэныгъэм, лъагъуныгъэм, нэмысымрэ хабзэмрэ я нэщэнэщ. Унагъуэм къэралым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ - аращ жылагъуэм лъабжьэ хузэхур, унагъуэщ сабийм и гъэсэныгъэр къыщежьэр. Налшык къалэ округым и ЦIыхубзхэм я советым, Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм къабГъэдэкIыу сыныбохъуэхъу мы махуэшхуэмкIэ. Уэныншагъэ, насып, лъагъуныгъэ, зэгурыIуэ зэрылъ унагъуэ лъэщу фыпсэуну, гъащIэм гу щыфхуэну, - жиIащ Дыджэш Лидэ къыззэхуэсахэм щехъуэзэхъум.

Псалъэ гуапэ анэхэм, бзылъхугъэхэм папщIэ жаIащ филологие щIэныгъэхэм я доктор **ЩоджэнцыкIУ Нинэ**, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэ, сабиипщIым я анэ **Дадали Лелэ**, къэралкIуэцI къулыкъум и подполковник, лэжьэн ихуэу тIысыжа **Черновэ Алёнэ** сымэ.

Iэгуауэшхуэ щIэту ягъэлъапIащ сабий куэд щапI унагъуэхэр, унагъуэщIэхэр. Абыхэм саугъэт лъапIэхэр иратащ, гулъытэ хуащIащ сабийхэми. Махуэшхуэ зэхьихьэм къыпащащ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ.

Ягъэува Iэнэм телъ шхыныгъуэ гъэщIэгъэнэхэр жюрим хэтхэм зыIуагъахуэри, нэхъ гурыхыр къыхахащ, анэхэри сабийхэри зэпеуащ уэрэд жыIэнкIэ, къафэкIэкIэ, ныбжьыщIэ цIыкIухэр усэхэм кьеджащ. Зэпеуэхэм щытекIуэхэми иратащ саугъэт.

Вовчок Маркэ и музейм и унафэщI **Лэжьэрей Инессэрэ** абы и лэжьэгъу **Котовэ Аннэрэ** зэхьихьэм къекIуэлIахэм тхакIуэм и музейм зыщагъэплъыхьащ, абы щахъумэ тхылъхэм, дэфтэрхэм, Iэмэлымэхэм щыгъуазэ ящIащ.

Къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр кьаIэтащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Ало Арсен зи унафэщI «Ритмы гор» ансамблым и бэрэбэнауэ ныбжьыщIэхэу Хуртаев Хьэмидрэ Шаваев Тембулэтрэ, пшынэр зыгъэбзэрабзэ Шаваевэ Жаннетэ.

УАРДЭ Жантинэ.

Сурэтыр **Сенич Михаил** *трихащ.*

● Iэщlагъэлlым и чэнджэщ

КъэкIыгъэхэм тэмэму зауэжьын папщIэ

Удзыжьхэр зыгъэкIуэд гербицидкIэ нартыху хьэсэхэм елэжьыныр республикэм и мэкъумэшыщIэхэм и кIэм нагъэблагъэ, ауэ, зэрыщыту къапщтэмэ, къэкIыгъэхэм я теплъэр щIагъуэкъым: фагъуэщ, я лъабжьэхэм тэмэму зауэжьакъым, къаруунэщ. Жьапщэхуэ щIэту зэман кIыхькIэ къешха уэшхым щIы щхьэфэр хэткIухьащ, иджы ар жащи, къэкIыгъэхэм я лъабжьэр щIобэмпIыхь. Абы къыхэкIыу, Iэмал имыIэу сатыр зэхуакухэр гъэщэбэн хуейщ. ЩIы хьэпхэхэр, жаxэр, шыкъыр хуаxэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ зэтес щIынымкIэ ар хэкIыпIэфIщ. Къитхъым псы-Iагъэр ехъумэ, щIыр нэхъыфIу егъэбауэ, фейдэ зыпылъ микроорганизмхэр нэхъ жыджэру егъэлажьэ. КъэкIыгъэхэм я къытеувэгъуэм уэ псори зэхуэдэу хуэщкъым, а лъэхъэнэм кьриубыдэу махуи 5-7 я зэхуакуу хьэсэхэр къитхъкIэ тIэунейрэ нгъэщбэн, азот щIыгъэпшэрхэмкIэ егуГън хуейщ.

КъэЖЕЩIЭ тхьэмпи 4-6 къыщIэ зэманым бажжкIэмрэ яжьащхьэмрэ ящы-зыхьымэ гербицидхэр яхутемыкIамэ, зэкIэлъыкIуэу тIэунейрэ культивацэ ящIыпхъэщ, кьищынэмыщIауэ, хьэсэхэр щIыгъэпшэрхэмкIи ямыгъэнщIу хъунукъым. Зи гугъу тщIы технологие Iэмалхэм псылагъэр яхъумэ, щIыр ягъэбауэ, тхьэмпэхэм тракIэ, лъабжьэхэм кIэщIалъхьэ минерал щIыгъэпшэрхэр къэкIыгъэхэм нэхъыфIу ялъоIэс, хьэсэхэм тэмэму яIэрохьэ. Нартыхум нэхъыфIу, нэхъ псынщIэу зиужьынымкIэ, и лъабжьэмрэ и пкъымрэ зэрыубыдынымкIэ ахэр сэбэпышхуэ мэхъу.

Накъыгъэ, мэкъуэгуэрыз мазэхэм дунейм и щытыкIэр зэрымыщIэгъуам къыхэкIыу бжьыдзэр, жэпкъыр зыих цIыв лъатэ цIыкIухэр, лъэгущIэуэхэр, щIыгулъэхэ хьэпщхупщхэр, бжьэчуэ хьэндырабгъуэхэр бэгъуэнущ. Хьэсэхэр цIырхьмэ е пIащIэмэ, къэкIыгъэм и лъабжьэр мэф, фуфзариозым еубыд, цIывхэм зещIащтэ, нэгъущI уэхэр къахохьэ. Уэлбанэрилэрэ дунейр щIыIэбжьмэ, къэкIыгъэр мэхуалэ, тхьэмпэхэр зыс, псыр щIэзыгъэкI, зыгъэгъу бактериоз, гельминтосториоз узыфэхэр ящIохьэ. Ауэ агротехникэ Iэхуэгъуэхэр зэуIуу, егупсысауэ и чэзум ирагъэкIуэкIмэ, абыхэм ералъэпсыщIу. Нартыху гибридыр а узыфэхэм зэрапэщIэтыфми куэд елъытащ.

НэхъыжьыIуэхэм фIыуэ ящIэж лIэщIыгъуэ IуэмI и 60-70 гъэхэм жэпкъыр зыих хьэндырабгъуэхэм хэщIыныгъэшхуэ кьашауэ зэрыщытар. Абыхэм ягъэтIылъ жылэхэм кьатепщIыкIагъащIэхэм тхьэмпэ цIыкIуэхэр Iисраф ящI, нэхъ хьэпIацIэшхуэхэм нартыху сэмбырэ кIэчанымрэ яшх. Ахэр жэпкъым и кум исщи, пхашхыкIыурэ, адрейм мэлэпхъуэф. Ахэр кьаймэщIэкI хъумэ, жэпкъ пIабжьэм макIуэ икIи абы щопсэу. Нэхъыбэу зэран зыхуэхъур лъагэу зызыужь нартыху гибридхэрщ.

Нартыхур къыщытеувэ, абы зыщиужь гъатхэ-гъэмахуэ лъэхъэнэхэр гъущэу, хуабэу зэрыщытам къыхэкIыу, иужьрей илъэс 20-м щIигъуэм а хьэпIацIэ лIэужьыгъуэр нэхъ зэтеубыда хъуат. Нэгъабэ къэтпщынта нартыху хьэсэхэм (гектар мини 3,8-рэ) къызэрагъэлъэгъуэмкIэ, жэпкъыр зыих хьэндырабгъуэхэм кьатепщIыкIа хьэпIацIэхэм къэкIыгъэ куэд Iисраф ящIащ. Къапщтэмэ, хэщIыныгъэу кьашар илъэс кIуахэм елъытагъэ ику иту процент 12,3-кIэ нэхъыбэщ. А бжьыгъэ процент 25-м щынэс хьэсэхэри дызэпIалъхэм яхэтщ.

ЕдгъэкIуэкI кIэлъыплъныныгъэхэм къызэрагъэлъагъэущи, щIымахуэ щIэкIа апхуэдэ хьэндырабгъуэхэр мэкъуэгуэгъуэм и пэщIэдзэм тафэтес щIыпIэхэм къыщахутащ. Зэрыуэгъбанэрилэм къыхэкIыу, абы-хэм дяпэкIэ жылэхэр ягъэтIылъныри, хьэпIацIэхэм я апэ кьатепщIыкIыгъуэри кIыхьлIыхь хъунущ. Жэпкъыших хьэндырабгъуэхэм я жылэхэр нартыху тхьэмпэхэм я щIагъэм щагъэтIылъ икIи плёнкэ шхэпскIэ щIалъфэжри, уэшхышхуэхэми илъэсыфыркъым.

Арами, а цIыв лъатэхэм кьатепщIыкI хьэпIацIэхэм зэранигъэ нэхъыбэ кьыщахьыр кIэчаныр кьыщIищI зэманырщ. Ар кьалъытэу, жэпкъыших цIывхэм я кьежьэгъуэ, жылэхэр куэду щагъэтIылъ лъэхъэнэм ирихьэлIэу, пIалъищIкIэ зэщхьэщыхьэу [illegible] (зы гектарым мин 20-30 хуэзэу) жылэхэм я гъэтIылъыгъуэ дыдэм махуитху я зэхуакуу хэхуэ я кърагъэш трихограмм хьэндырабгъуэ лIэужьыгъуэр хэутIыпщхьапхъэщ. Абы жэпкъым хьэпIацIэу хэсыр хуэди 3-4-кIэ игъэмэщIэнущ.

Нартыху хьэндырабгъуэм къытепщIыкI хьэпIацIэхэмрэ жэщ хьэндырабгъуэ щхъуафэ цIыкIуэхэмрэ химие инсектицидхэмкIэ хъуэхьлъатэкIэ щебэнщ нартыху гибридхэр щагъэкI хьэсэхэм я щытыкIэр экономикэм и Iэнатlэм фIэкIыпIэнщэу щагъэува мардэм нэсмэщ. Зэрыльпа-Iэм къыхэкIыу, нэгъущI Iуэхуитl я Iэмалыр кьахуэгъэсэбэпыркъым.

Мэкъумэщ щIапIэхэр зэрыхъур, бжьыхьэсэ гуэдзрэ нартыхуу кьалэжьым зэрызахъуэжьыр дгъэбеледжьылин папщIэ, 2000 - 2016 гъэм едгъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, нартыху хьэсэхэм хуэди 2,9-кIэ хэхъуащ. Ар кьыхэкIащ мыпхъэшхуэ темыкIуадзу гъавэ хъарзынэ кьаззэрехъулIэм, езэгъырабгъуу зэращэм.

Нартыху гъавапхъэр зытращIэ щIыхэм я бжыгъэм егъэлеяуэ зэрыхагъэхъуам, пIалъэ пыухыкIам темыту, щIэх-щIэхыурэ хьэсэхэр зэрызэблахъу Iэмалым зэдыщIэкIыу зэрыхуэкIуам и зэранкIэ, мэкъумэш къэкIыгъэхэм я зехьэкIэр екIэкIуащ, бжьэхуц хьэндырабгъуэ жыхуэтIэр, нартыху жэпкъэр зыих цIыв лъатэ цIыкIухэр, щIыгулъэх хьэпщхупщхэр бэгъуащ.

Бэджэндырылажьэ куэдым зы щIыпIэм зэман кIыхькIэ нартыхур щыхасэ. Ар тэмэмкъым. КьищынэмыщIауэ, гъавэр кърахьэлIэжа нэужь, хьэпIацIэхэм щIымахуэр щрах нартыху жэпкъэр, бзийхэр, сэмбхэр, кIэрыщэщхэр кууэ щIамывэу гъэ трагъэхьэ. ИужькIэ, накъыгъэ мазэм кьриубыдэу кьыззэщIэроуэри, шылэ ящI, мэкъуэгуэгъуэм тхьэмпэхэр зыих хьэндырабгъуэхэр кьатопщыкI. Абы къыхэкIыу, хьэпIацIэхэм нэхъыбэу зэщIащта жэпкъэр гъахъшэу, сантиметри 6-8-м нэхърэ мынэхъ лъагэу пыупщIыпхъэщ. Жэпкъэр зыих хьэпIацIэхэр щыбзэгъуа хьэсэхэр кIэчаным шэр хуэфI щыхъу зэманым силосу Iуахьжмэ нэхъыфIщ. Нартыхурэ мэшрэ зытелъа щIыр кууэ щIыIэрысу явэмэ, жэпкъым хэсу щIымахуэр иэих хьэпIацIэхэр игъэмэщIэнущ.

Дунейм и къэхъукъащIэхэм (уэлбанэ IыхьхыIм, уэгъум, хьэпIацIэхэм, уэфхэсэм, н. къ.) нартыхур щахъумэн папщIэ, абы и тхьэмпэхэм хуэдизыжкIэ хуэсакъын, щIыгъэпшэр ткIуГъуафIэ зэхэлъхэр ирикъуу кьагъэсэбэлъу хуейщ. Агрохимие хущхъуэхэкIэм я рынокым кьыщыунэхуащ кьагъэсэбэлъу хуэхьэ Плантафол, Мастер, ТерроФлекс, Нутриант, Райкат, Омекс хамэ къэрал препарат лъапIэхэр, нэгъущIэхэри. Я фIагъкIи зыхуэдэкIи абы-хэм зыкIи кьакIэрыхуркъым ди къэралым щагъэхьэзыр, тхьэмпэхэм зэуIуу зэрелэжь щIыгъэпшэр куэдыр. Апхуэдэщ Акварин, Агромастер, Плантафид, Изаги, Полевик, губгъуэ Кемирэ, нартыху Амицид жыхуиIэхэр, нэгъущIэхэри. Абы-хэм къэкIыгъэхэр зыхуей шхыныгъуэхэмкIэ зэхуэрыкъуэ зэрагъэпэщ.

Нартыху хьэсэхэм фейдэ пылъу кьыщащIэсэбэл щIэзыпIэ зиIэ Изагри щIыгъэпшэр ткIуаткIуэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Тхьэмпи 5-7 кьызыдидза нартыхум дежкIэ хуабжу сэбэпщ Изагри Витэ, Изагри Цинк хущхъуэ зэхэлъ зэхэщIар. Изагри химикат лIэужьыгъуэхэр тхьэмпэ щIыIум зэхуэдэу щIэзэлъоIэс, къэкIыгъэм и клеткэхэм псынщIэу щIэзэбгрокIри, телъэскIыкIыкIуафIэщ. Зи гугъу тщIы хущхъуэхэр Нарткъалэ щыIэ «Агрохимие» ООО-м кьыщыыгъэтынущ.

Араши, фитосанитар щытыкIэр ирагъэIэкIуэн (хьэпIацIэхэмрэ узэкэмрэ гъэкIуэдын), къэкIыгъэхэр дунейм и къэхъукъащIэхэм щаухъумэн (щIы щIэхьэпэ уэшхыпсым имылъэсын) папщIэ, абыхэм зэрапэщIэт Iэхуэгъуэ псори зэуIуу ирагъэкIуэкIын хуейщ.

ХЪУРОМЭ Людмилэ,

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствомкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ гъэрыт, мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

Лъабжьэ быдэ

Лъагъуныгъэ къабзэ зэхуаIэу, зэхуэпэжрэ зэгурыIуэу илъэс 25-м щIигъуауэ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щыпсэу унагъуиплIым Жылагъуэ дамыгъэ - «Лъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ папщIэ» медалхэр хуагъэфэщащ. Ахэр щагъэлъэпIащ Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэмкlэ унэм.

ГУФIЭГЪУЭ пщыхьэщхьэм хэтхэм щехъуэхъуэм, щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Афашоковэ Раисэ кьыхигъэщащ узынщагъэ зэрылъ, псэкIэ кьулей унагъуэ быдзэ жылагъуэ нэсым зэрилъабжьэр.

- Мы гуфIэгъуэр унагъуэр хъумэным, зэкъуэгъуэвэным хуэунэтIащ, абы цIыху лъапIэныгъэхэр егъэбжьыфIэ, егъэбагъуэ. Ди жылагъуэм и зэхэтыкIэр зэрагъэбыдэм папщIэ, унагъуэшхуэхэм фIыщIэ лей яхузощI, унэгъащIэхэм кьыддекIуэкI хабзэхэр яхъумэну, я бынхэр насыпыфIэу япIыжыну си гуапэщ. Дапщэщи тщIыгъу унагъуэ лъапIэныгъэхэм дыхуигъэуву, дызыхэт гуфIэгъуэм нэщэнэ дахэу хьихьа шынэ-шынэр унагъуэ узынщэм, быдэм щэсыпIэ, Урысейм социальнэ дамыгъэ нэхъыщхьэ хуреху, - къыгъэлъэгъуащ абы.

Унагъуэм, лъагъуныгъэм, пэжыгъэм ятеуху гуфIэгъуэр къыщIыхалъхьам и гугъу щищIым, «ЦIыхубзхэм я Совет» щIыналъэ жылагъуэ организацэм и гущэ Ахматовэ Марьям кьыхигъэщхьэхукIащ псэкупсэ-гъэсэныгъэ лъапIэныгъэхэм, лъэпкъ щэнхабзэм, щIэблэр гъэкIуэтэным, зэпIэзэрыгъынигъэмрэ зыужьыныгъэмрэ дапщэщи унагъуэр зэрихъумакIуэр, дяпэкIи абы ткIийуэ зэрытетынур.

Иужькlэ, лъапсэ быдэ зэраухуам кьыхэкIыу, нэхъхьифIу кьалъыта унагъуиплIым, пщIэрэ нэмысрэ хуащIу, «Лъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ папщIэ» медалхэр иратащ. Апхуэдэщ илъэс кьыщIым щIигъуауэ зэдэпсэу, быниплI зыпIа, къуэрылъхуу 12, абыхэм кьатехьукIыжауэ 8 зиIэ зэщхьэгъуэсхэу Тебердиевхэ Магомедрэ Марьямрэ я унагъуэр. Я бын псоми хуэфащэ щIэныгъэ ирагъэгъэтащ.

Митраковхэ Николайрэ Любоврэ Украинэм щыщщ, зы къалэм, зы уэрамым кьыщыхъуащ, зэрысабийрэ зэроцIыху, школым зэдзэкIуащ, иужькIэ псэгъу зэхуэхьуащ. Илъэс 41-рэ хьуауэ зэдопсэу. 1980 гъэм Iуащхьэмахуэ лъапIэ зэщIагъэпсэхуу, Бахъсэн Нейтринэ обсерваторэр зыщIхэм я унафэщIым зэрымыщIкIэ нэIуасэ хуэхъуэри, абы и жыIэкIэ ухуакIуэхэм яхьихьащ. Нейтринэ поселкэм щопсэу, щIалэ хъарзынатIрэ къуэрылъхуиплIрэ зэдапIащ. Ахэр пщIэ зыхуащI, зэакъылэгъу цIыху гуапэхэщ.

Бахъсэн Ипщэ кьуажэм щыщ зэщхьэгъусэхэу Джапуевхэ Ануаррэ Жаухарэ зэгурыIуэу, зэдзэлуэжь, лъагъуныгъэ кьабзэ зэхуаIэу илъэс 42-рэ хьуауэ зэдопсэу. Ануар Бахъсэн Нейтринэ обсерваторэм шофёру щылэжьащ, Жаухар жьэгу пащхьэр ихъумащ. БыниплI зэдапIащ, гъэгу зэахуэ трагъэхьащ.

Этезовхэ Рашидрэ Раисарэ я унагъуэр цIыху зэхъуапсэм хуэдэщ. Илъэс 26-рэ хьуауэ зэнэзэпсэу зэдопсэу, бынищ зэдапIащ. «Илъэсыи и унагъуэ» республикэ зэпеуэм жыджэру хэтащ икIи «Унагъуэр хабзэм и хъумакIуэщ» номинацэм ещанэ увыпIэр кьыщахьащ.

Гулъытэ зэрагъэтым, я пщIэмрэ я нэмысымрэ кьызэралъытэм папщIэ, ягъэлъапIа зэщхьэгъусэхэм щIыналъэм и администрацэм фIыщIэ ин хуащIащ. ГуфIэгъуэ пщыхьэщхьэр Iуащхьэмахуэ районым щэнхабзэмкIэ и Iэхъуэлlэным и артистхэм яГъэбжьыфIащ.

ТАРИМ Алисэ.

● Бахъсэн щIыналъэ

Къэралым и шхэпс

Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм и пресс-Iэхъуэлапlэм хъыбар кьыззэрыдигъэщIамкIэ, Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэм ирихьэлIэу, а районым и жылагъуэхэм щыпсэухэм ящыщу, илъэс куэд щIауэ зэбгъэдэс, къащIэхъуэ щIэблэм гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэзыльхьэ зэщхьэгъусэхэу: Хьэпэхъуэхэ Хьидрэ Сэкинатрэ (Кьыщпэк), Захарченкэ Сергейрэ Татьянэрэ (Кремконстантиновкэ), Пщыкъуэхэ Хьэзрэлиирэ Хьаджэтрэ (Къулъкъужьи Ипщэ), Нартокъуэхэ Iэхьедрэ Хьэlишэтрэ (Къубэ-Тэбэ) гулъытэ хэха щыхуащIащ, кьызэрэпэщащкIуэ комитетым къыбгъэдэкIыуи медалхэр, щыхьэт тхылъхэр, бгъэхэлуэр иратащ.

«УНАГЪУЭ быдэр къэралым и шхэпсщ. Ахэращ жылагъуэм хэхупсэ и лъэныкъуэкIэ щыщыщIэ унэтIныгъэфIхэр нэхъ щызэрахьэри ешы къэралым зиужьынымкIэ дэIэпыкъуэгъуфI хъурэ», - кьыщыхигъэщащ и псалъэм Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Ахъуэбэч Андзор**.

ЗАГС-м и къудамэм и унафэщI **ДыщэкI Жаннэ** куэд щIауэ зэдзэпсэу зэщхьэгъусэхэм псалъэ дахэ яжриащ, дяпэкIи зэгурыIуэрэ зэдзIуэжу, илъэс пщIы бжьыгъэхэр кьызэдагъэщIэну ехъуэхъуащ, кьызэрэпэщащкIуэ комитетым и цIэкIи фэеплъ тыгъэ цIыкIухэр яритащ.

Кьрагъэблэгъаным администрацэм и унафэщIхэм фIыщIэ ин хуащIащ, зыгъэгушхуэ, я гукъыдэжым хэзыгъахъуэ зэхьихьэ екIу кьызэрыхуэзрагъэпэщам папщIэ. Пшыхьыр уэрэд, макъамэ гуакIуэхэмкIэ районым и творческэ лэжьакIуэхэм яГъэдэхащ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапщ Iэ.

● Шэрэдж щIыналъэ

Къуажэ Iуэхухэр

Къыдэкlуэтей щIэблэр гуэгу тэмэм тегъэувэным, гъэсэныгъэм теухуауэ лэжьыгъэ куплщафIэ щекIуэкI жылагъуэхэм ящыщщ Аушыджэрыр.

КЪУАЖЭ администрацэм и Iэтащхьэ Урыс Асльэн дызэрыщиГъэгъуэзамкIэ, жылэм дэс щIалэгъуалэр спортым дегъэхьэхьним гулъытэ лей хуащI: спорт школ яIэщ, материал Iэрыщ1кIэ къыщIыкIа топ джэгуплI мы гъэм кьриубыдэу яухуэну я мурадщ.

Щэнхабзэ и лъэныкъуэкIи Iухэр Iейкъым: я къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гуп хъарзынэхэр иIэщ. Районми жылэми зы гуфIагъуэ пшыхь щызэхаублэркъым ахэр хэмыту. Щэнхабзэмкlэ унэм зы маззм кьриубыдэу щэ-плIэ концерт щат, зэIуцIэ щхьэпэхэр щрагъэкIуэкI.

Апхуэдэу гукъинэжу кьуажэм щагъэлъапIащ Текlуэныгъэм и махуэр. «Полк махъытыншэм» и пэкIум хэтащ зи Iыхьлы зауэм хэкIуэда кьуажэдэсхэр. А Iуэхур кьызэгъэпщынымкIэ Афган зауэм хэтахэри кьадэIэпыкъуащ.

Аушыджэрым ныбжь хъарзынэ яIэу цIыху 50-м нэс дэсщи, щIыпIэ администрацэм и нэIэм щIэту абы-хэм гулъытэ хуащI. Ар пщэрылъ зыщащIэхэр зы маззм хуэзэгъуэ плIэнэрэ абыхэм я унагъуэм йохьэ, нэхъыжьхэм я Iуэху зыIутыр зрагъэщIэн мурадкIэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекIуэкIащ зэIущIэ щхьэпэ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м Щыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымкIэ и къэрал комитетымрэ КъБКъУ-мрэ икIи абы щызэхуэсащ а еджапIэ нэхъыщхьэр къэзыухахэмрэ лэжьакIуэ хуэныкъуэ Iуэхущlапlэхэм я лIыкIуэхэмрэ. Хабзэ хъуауэ, илъэс къэс ирагъэкIуэкI зэхуэсым ныбжьыщIэхэм яфIэфIу къокIуалlэ икIи зыхуеджа Iэщlагъэм хуэкIуэ лэжьапlэ кьыщагъэути щIыIэщ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтыну гукъыдэж зиIэхэр куэд хъурт. Абы зыкърагъэхьэлIащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ, Узынщагъэр зъумэныкIэ и министерствэхэм, Цыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымкIэ и къэрал комитетым, курыт еджапIэхэм, «Севкавгипрогор-Д» ООО-м, «Тандер» ЗАО-м, вольт лъагэм ирилажьэ аппаратурэхэр щащI заводу Налшык дэтым, «Россельхозцентр» ФГБУ-м, «Россельхозбанк» АО-м, Банк «ВТБ «24»-м, апхуэдэу Ставрополь крайм хьихьэ Георгиевск къалэм арматурэ щащIу дэт заводым, Москва и «ММВ» ООО-м я лIыкIуэхэм.

ЗэIущIэр къызэIуихащ КъБКъУ-м и проректор Къущхьэ Хьусен.

- Нобэ етхьэжьа Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ университетыр къззыухауэ мыбы кьрихьэлIахэм я дежкIэ. Дыхуейщ абыхэм ягу дыхьэ Iэнатlэ мыбы кьыщыхахьфыну, - жиIащ Къущхьэм. - Зэхьихьэм зыкърезыгъэхьэлIа Iуэхущlапlэхэм я лIыкIуэхэми ди еджапIэм кьыщIэкIа и Iэщlагъэхэм ящIэ. Ар зыкърагъэлъэгъуэфынум, зрагъэгъуэта щIэныгъэр кьызэрывгъэсэбэпыфынум. Сынывохьуэхъу фи мурадхэр кьывэхъуIэу, фи цIэр фIыкIэ ягъэIуу фыпсэнуу. КьыхэгъэщIапхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр Урысейм нэхъыфIу кьыщIалъытэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрахэтыр.

Мы гъэм КъБКъУ-м кьыщIегъакI ныбжьыщIэ 2416-рэ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, зэчий лъагэ зыбгъэдэль студентхэри ди мащIэкъым, ахэр дзэхьхьэ факультетыщIэхэри диIэщ.

Лжьакlуэ хуэныкъуэу зэхьыхьэ зыкърезыгъэхьэлIа Iуэхущlапlэхэм я лIыкIуэхэм къагъэлъэгъуащ Iэщlагъэ зэхуэмыдэхэр, абыхэм кьыщахьыну улахуэр зыхуэдизыр.

ЗэIущIэр ягъэдэхащ КъБКъУ-м зыкърезыгъэхьэлIа и «Амикс» театрым, «Къафэ» къэфакIуэ гупым.

ТАБЫЩ Динарэ.

IэнатIэхэмкIэ къызэрагъэпэщ

● Май щIыналъэ

Япэ хэгъуэр йокIуэкI

Май щIыналъэм япэ хэгъуэр щаублащ. Мы гъэм районым къыпэщылъщ бжьыхьэсэ хьэпцIийуэ гектар 624-рэ, гуэдзу 2598-рэ Iуихьжьын хуейуэ.

ИГЪАЩIЭ зиIэ цIэр фIыкIэ Iу «Ленинцы» мэкъумэш Iуэхущlапlэм и закъуэ бжьыхьэсэ хьэпцIийуэ иIэр гектар 90 мэхъу. Хэгъуэм бжьыхьэсыбыдзэм ахъшэ саугъэт иратыну къыхалъхьащ Iуэхущlапlэм и унафэщIхэм.

СХПК-м и агроном Шапкин Владимир къызэрыджиIамкIэ, мэкъумэшыщIэхэм мы гъэм къатемыхьэлIауэ пхъыкIэнчъкъым. Уэлбанэрилэу екIуэкIа гъатхэм я зэранкIэ хьэцэпэцэм кIэрыху иIэщ. Гъавэ къахыр зэрыпсыIэм Iуэнри нэхъ къатрегъэхьалъэ, гъавэм щыщ куэди хьэуаэзм кьыхонэ. Абы къыхэкIыу мэкъумэш техникэр гувауэ фIэкIа гуфIэу хьуркъым. Мыбдежьым сэбэпышхуэ мэхъу нэгъуэщI кьэралыгъуэхэм къыщащэху комбайнхэр зэрыльэщыр. Къапщтэмэ, сыхьэтитI-щым кьриубыдэу абы Iуех тонни 100-м щIигъу.

Махуэ зыбжанэкIэ Май щIыналъэм бжьыхьэсэ гуэдзым щыпэрыхьэнущ. Ар гектар 900-м нызэрохьэс.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Зэманым зыдэзыгъэкIу цIыху щIыпкъэ

Къэралым илъэс 51-кIэ хьэлэлу хуэлэжьа, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Сэбаншы Хъусен Хьэжысмел и къуэм и ныбжьыр бадзэуэгъуэм и 10-м илъэс 75-рэ ирикъуащ.

● ДифI догъэлъапIэ



СЭБАНШЫР къыщалъхуари и сабиигъуэр щигъэкIуари Бахъсэн районым хьихьэ Зеикъуэ къуажэрщ. Хъусен и адэр пасэу дунейм ехьжащ. Зыгуфа Iэнатlэр зэрымытыншыр къызыгурыIуэ и анэ Нано хуэзфIэкI къигъанэртэкъым и къуэ закъуэр зыхуэей хуигъаззэн щхьэкIэ. Абы джэдкъаз куэду игъэхъурт, Iэщ зэрихуэрт, цIыхубз, цIыхухъу лэжьыгъэм емылЫэтагъэ псоми зэрищытын хуей хъурт. Щlалэ цIыкIур езым хуэдэхэм емыхъуапсэу къэгъэхъунымкIэ Нано дэIэпыкIуэгъушхуэ къыхуэхъуащ и тхьэмадэ Хьанджэрий. «Быныр бжьыгъ, абы и быныжьир фощ» жиIащ пасэрейм. Къуэрылхъум и Iэфлагъыр зыгъэнэхуа адэшхуэм ар зыпищIэ зыхуимыIагъэхэр щIэтэкIыжьым.

Къуажэ школым щыщIэса илъэсхэм Хъусен егъэджакIуэ Iэзэхэр иIащ. Абыхъэм ящыщт есэпымкIэ дерс купщIафIэхэр ядезыгъакIуэкI Дубченкэ Алексей. Езы Хъусени игъэщIэгъуэжу есэпыр фIыуэ ищIэрт. Хэбгъэзыхьмэ, 10-нэ классым щIэсу абы кьыззэригъэпэщащэ щыташ есэпымкIэ гупжьей щхьэхуэ. Абыи кьыщыдэлажьэрт Дубченкэр, и зэман куэд школакIуэхэм ятригъэкIуадэу. Хъусен зэрыжиIэкымкIэ, апхуэдэ егъэджакIуэ Iэзэрэ цIыху пса хьэпэлъэ ягъэлъэныхуэнт, абы еджакIуэхэр егъэлеяуэ фIыуэ илъагъурт, сабийхэм яхуэсакъырт.

- Еджапlэм сыщыщIэс лъэхъэнэм сэ дохутыр сыхъуну сыщIэхъуэпсырт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ си адэшхуэ Хъанджэрий къупщхьэ узэкомрэ кьутакэмрэ еIэзэу щытащ, - игу кьеГэкIыжьи Хъусен. - Ар къэзымыщIыху ди жылэ дэстекъым, гъунэгъу къуажэхэми кьыкIыпуэ сымаджэхэр игъэхъужьырт, пщIэ лъэпкъи къаIимыхьыу. ЦIыхугъэшхуэ зыхэлъ си дадэм сыт и лъэныкъуэкIи ещхь сыхъуну сыхуей. Сымаджэхэм щеIэзэкIи сэри сызригъэгъуэзурэ и пIалъэ къэсщIат. Дохутыр Iэщlагъэм сыхуеджэну Iэмал щызмыгъуэтым, сэ сыхьэсхар фIыуэ сщIэ есэпымкIэ экзаменхэр стыныгрт икIи КъБКъУ-м ящыщIэуэха «Машинэхэр зэраухуэм и технологие» къудамэщIэм сыщIэтIысхьащ.

ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щlалэщIэм сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэу, жьыджэру зыкъигъэльэгъуащ университетым щIэсыху икIи «тху» защIэкIэ кьиухащ. Абджеи кьыщыувыIакъым Хъусен, абы и зэфIэкIым аспирантурэм щыхигъэхъуэну мурад ищIащ, икIи Москвакlэ иунэтIащ. Лъэпощхьэпо кудым Iууащ а зэманым Хъусен. Кьиухэ Iэщlагъэм пэгъунэгъу еджапIэхэмрэ институтхэмрэ щыщIэупщIэрт, аспирантурэм щIэтIысхьэну гукъыдэж иIэу, бгъэдэлъ щIэныгъэм кьигъэгугъэу, зеух, апхуэдэ Iэмал зыми кьратыртэкъым. Сытми, щlалэр, зыщыгъгъышхуи щымыIэу, кьалащхьэм дэт «Станкин» станко-инструментальнэ институтым щыIухьэм, абы кьыжраIащ ирагъэкIуэкI дерсхэм кьакIуэу щIэсыну хуит кьыззэрщIыр, ар кьызэрыгурыIуамрэ кьызэрыщыхьуамрэ жрагъэIэжьну, кьыкIэлъыплъыну. Лекцэ кьеджа егъэджакIуэр гъэхуауэ, гурыIуэгъуэу икIи зэхэщIыкIыгъэу зэрыпсалъэм дихьэхат Хъусен, ауэ абы гу льитащ доскам кьритха формулэхэм щыуагъэ зэрыхъэрт. Дерсыр иухуа нэужь, Хъусен абы бгъэдыхьэри жриIащ псори иГу зэрырихьар икIи тегушхуэри формулэхэм здыщыщыуа щыIпIэхэр иригъэлъагъуэжащ. ЕгъэджакIуэр итхам еплъыжри, и щыуагъэхэр зэригъэзэхуэжащ икIи къэбзрдей щlалэм абы гу зэрыльитам папщIэ кьыщыт хъуащ. Апхуэдэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ щlалэр аспирантурэм щlагъэтIысхьэ хуэдэ нэгъуэщIхэми ятхыпри, кьыспэщIэувэрт, ещанэрауэ, кьыбгурымыуэмкIэ узэупщIын бгъэзытыртэкъым, - игу кьегъэкIыж Хъусен. - Кьаззат стипендиер кьалэшхуэм сыщиригъэсуну схурикъуртэкъыми, лэжьапIи сыIутт. Си анэри гузавэурэ Москва нэс ныскIэлъыкIуэрт, зэрыхуэзфIэкIкIэ зыкъыщIигъакъуэрт.

Аспирантурэр къиурри, Хъусен зыхуэзэша и щIыналъэм къигъэзэжащ икIи КъБКъУ-м «Детали машин и машиноведение» кафедрэм и унафэщIу уваш. А зэманкэм ар яужь ихьащ доктор щIэныгъэ лэжьыгъэм елэжьин икIи Санкт-Петербург дэт къэрал техническэ университетым и диссертацэр 1991 гъэм щыгъэкIри, техникэ щIэныгъэхэм я доктор хъущ.

ЩIэныгъэ куурэ акъыл жанрэ зыбгъэдэлъ цIыхуущ Хъусен. Нобэр кьыздэсым абы КъБКъУ-м щIергъажьэ, илъэс 26-кIэ инженерно-техническэ кьудамэм и «Машинэм и пкъыгъуэхэр» кафедрэм и унафэщIу лажьащ. Абы и Iэдакъэщ Iэкlэм мыхьэнэшхуэ зэрэлэн и щIыхьэтщ и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр нэгъуэщI щыпIэхэм ящыщхьэгъэсэбэпIэр - Тольяттти къалэм щыIэ «АвтоВАЗ», Подольск, Москва къалэхэм техникэм пыщIауэ щыIэ заводхэм, Налышк къалэ и тхъу - кхъуей, трикотаж комбинатхэм, нэгъуэщIхэми. Кьыхэгъэщыпхъэщ машинэ зэмылIужьыгъуэхэм я пкъыгъуэхэм я льащагъыр зэхуэдэу зэрыстрагаушэ Iэмалыр япэ дыдэу къэзыхутар зэры-Хъусенщ.

Зыхэт гупым Хъусен ябгъэдэту цIыху пэжу, и гуащIэрэ и къаурэ емыблэжу, и чэнджэщ щхьэпэхэмкIэ ядэгъашIэу. Абы кьыхэкIыу кьыдэлажьэхэми студентхэми пщIэ кьыхуащ нэхъыжьыфIым.

Сэбаншым гулъытэ хэха хуещI щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм, абыхэм я къэухьым зегъэужьыным. Абы и унафэм щIэтщ аспирантхэр, я кандидат лэжьыгъэр екIуу пхагъэкIыныжмкIэ куэдым сабэп яхуэхъуащ. Хъусен иригъэкIуэкI лекцэхэр купщIафIэщ, щlалэгъуэщ. Абы иригъэджащ «Машинэхэм я пкъыгъуэхэр», «ХьэпэлъэIэт машинэхэм я лэжьэкIэр», «Машинэхэм я ву макъыр нэхъ кIащхъэ зэращI Iэмалхэр», «Механикэр зэрызэхэт Iыхьэхэр», нэгъуэщI дерсхэмкIи. Зи лэжьыгъэм сыт щыгъуи щIэ гуэр хэзылъхьэну хущIэкъуэ егъэджакIуэм студентхэр щIэныгъэр зэзыгъэгъуэтыну гукъыдэж зыщIа ныбжьыщIэхэм папщIэ киференицэхэр зэхэубгъэ, лабораторнэ лэжьыгъэхэр ядрегъэкIуэкI.

- ЗбгъэдэлъщIэныгъэмкIэ студентхэм садэгущэныщ сызыхущIэкъуэр, - жеIэ Хъусен. - Пасэрейм жиIащ «Уи ятIонтIэ бгъажэ мывэрщ узыхуэзэжьнур». ДЫя дпжьмэ, фIыщ кьыпэкIуэнур. Дэ къыттпкърыкI фIыгъуэрщ щlалэгъуалэм ялъагъунур, зыхалъхьэнур. НыбжьыщIэхэр щIэныгъэм и гъэгум тетшэныщ дызыхущкъэчун хуейр.

Сэбаншы Хъусен и Iэдакъэм кьыщIэкIащ монографиеу 3, студентхэр зэреджэн тхьылъ щхьэпэхэр, статьяхэр, щхьэхуэу 300-м нэс. НэхъыжьыфIым илэжь Iуэхуфlхэм папщIэ яхуэралми гулъытэ хэха кьыхуищIащ. КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iуэхуэкмкlэ, Экономикэмкlэ, Финансхэмкlэ и министерствэхэм кьабгъэдэкI щIыхь, щIытхъу тхьылъхэр Хъусен кьыхуагъэфэщащ, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр къратащ. Ар Естественознаниемкlэ Урысей академием, ЩIДАА-м я академикщ.

Сэбаншыхэ я лъэпкъыр ирогушхуэ Хъусен хуэдэ цIыху гъуэзэджэ кьазэрыхэкIам, абы ищIэ лэжьыгъэфIэкIэм иропагъ. Ар жьыджэру хэтщ жылагъуэ Iуэхухэмк.

- Ильэс къэскIэ Сэбаншыхэ лъэпкъ зэхуэс дощI. Псом хуэмыдэу щlалэгъуалэр зэрыщIэныжмкIэ, зэрыщIыхьныжмкIэ апхуэдэ зэхьыхьэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ. КьыхэсэщIапхъэщ егъэджэныгъэ, бзаркъэзэ, гъуазджэ, спорт я лъэныкъуэкIэ лъэпкъым кьыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэм я ехьулIэныгъэхэр кьыззэрытлъытэр, я цIэхэр фIыкIэ кьыззэритIуэр, саугъэтхэр зэреттIыр.

Сэбаншы Хъусен унагъуэ дахэ иIэщ. И щхьэгъусэ Куэтэншы ФатIимэрэ езымрэ зэгурыIуэу, хабзэрэ нэмысрэ я зэхуаку дэлъу зэрызэдзэпсэрэ илъэс 45-рэ мэхъу. ФатIимэ анэ гумызагъэщ, анэшхуэ гумащIэщ. И Iэщlагъэкlэ дохутырщ, терапевту илъэс куэдкIэ лэжьащ щыгъэу иIэу, илъэс 25-кIэ дохутыр нэхъыщхьэу щытащ «Къурш хьэуа» зыгъэпсэхлIэм. Зэщхьэгъусэхэм зэдагъэтащ бынищ. Абыхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ ираташ. Япхъу Жаннетэ медицинэ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ. КъБКъУ-м и медицинэ факультетым щрегъаджэ. КъыкIэлъыкIуэр Маринэщ, Бэрсокъуэхэ я нысэщ, зы щlалэ цIыкIу иIэщ. Я щlалэ нэхъыщIэ Анзор экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, унагъэущ, щlалэ цIыкIуитI иIэщ. Хъусенрэ ФатIимэрэ бынымэ я бынынхэм ящыгъфIыкIыу мэпсэу.

Хъусен иджыри цIыху жыджэрщ, уущикIыу Iэзэщ, зэманым зыдезыгъэкIу цIыху щыпкъэщ.

ТАБЫЩ Динарэ.

Къуэрылъхуу-пхъурылъхуэм я дадэ-нанэхэм лъагъуныгъэшхуэ зэрыхуаIэр, дауи, си деж кьыщежьакъым.

ГЪЭ ПСОМ сежьэрт, гъэмахуэр къэсмэ, къуажэ жьыкъэм щыпсэу ди нанэр (ди адэм и анэр) кьызэрытхуашэнум. Ди унагъуэм щIэс псори а махуэм зэхэзэжэ хьурт, зы Iуэхугъуэшхуэм зыхуагъэхьэзыру кьыпщыхъуу. Унэри, пщIантIэри, уэрамри зэщIакъэурт, зэщIапхъанкIэрт. Сэ сыцIыкIути, нэхъыжьхэм Iуэху кьыслъагъэсыртэкъым, ауэ зыгуэркIэ садэIэпыкъуэ сфIэфIу яужь ситу кьэзэжьхьт, сыдэлъейуэ, сыгуфIэу. БжэIупэм кьыIулъэда машинэм, и бгыр захуэу, и щхьэр лъагэу Iэтауэ кьиувыкIт нанэ. Дэ, сабий гупым, машIэу къытхупытгуфIыкIыурэ, унэмкIэ щIыхьэрт ди адэ-анэм я гъусэу. Абыхэм я ужьым кIэщIу иту шумэдан цIыкIур якIэлъыщIихьэрт си дадэхъм. Дэ бжэщхьэIупм дебжьэну ди гущхьэ къэкIыхьэртэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, нанэ и къэкIуэгъуэм фIыуэ япэ иту абы дызэрыпежьэн хуей щIыкIэри, дедэIуэн зэрыхуейри, дызэран зэрымыкъунри ди адэ-анэм фIыуэ кьыдигъаГэIуат. КъыщыкIуа махуэм кьуажэ жьыкъэм кьикIа нанэм зигъэпсэхужьын зэрыхуейр апхуэдизкIэ ди акъылым хапщати, ар зыщIэлъ унэмкIэ лъапэпЦIийуэ дыдлэкI-дыкъыблэкIыжу фIэкIа, апхуэдизрэ дызэжьа ди анэшхуэм и Iэплlэм зиддэну, ди дэлъхум кьыдихьа шумэдан цIыкIум дэлъ Iэфыкlэр зэхуэдгуэшу дыкъыщIыжьыну дытегушхуэрэтэкъым.

Сабий зэхэзежэ макъ зэпIуу имыIэу кьызыщIэIуэкI унэр зэуэ щым хьурт. Нэхъыжьхэр нанэ зыгуэрхэр хущIахьэу щыщIыхьэкIэ дэ, нэхъыщIэхэр, абыхэм дехъуэпсэу дакIэлъапIпIырт.

ЕтIуанэ махуэм кьаруи, унафи, шыни щыIэтэкъым, нанэ и пэшым дыщIимыгъэхьэу кьыптпэувыфыну. Зыр зым Iуидзыну хэту зэуэ псоми зеддзыкIт, езыми псоми ди щхьэфэм гъэурэгъуэрэ Iэ кьыдилъэрт, иужькIэ и шумэдан цIыкIумкIэ и Iэр хуэму ишийрти:

- Кьызэфтыт модэ мо шумэданыр, - жиIэрти къэзгъэтIысырт.

Дызэрызехьэу кьыхуэхтыт. А дакъикъэм зэрызытщIымкIэ пщIэнтэкъым Iэфыкlэ жьхуаIэ дагъэшхьу.

ЯпЭ ГЪЭМАХУЭ арт-марафоныр кьызэIуахащ музыкальнэ еджапIэ №2-м и гъэсэнхэм. «Победа» кинотеатрым и утым концертышхуэ щатащ эстрадэ уэрэдэхэмкIэ, хорымкIэ, маскъамэ IэмэпсымэхэмкIэ кьудамэхэм я гъэсэнхэм.

Мы тхьамахуэм марафоным пащэнущ Кьэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зэрихьэу эстетикэ гъэсэныгъэмкIэ щыIэ центрымрэ музыкальнэ школ №1-мрэ щеджэ цIыкIухэм.

«Къэбэрдей уэрамым и гъэмахуэ» марафонымрэ ди къалащхьэм и къэфакIуэ, уэрэджьыкIыу гуп псоми я зэфIэкI щагъэлъэгъуэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Нанэ и бэлътоку

Нанэ хуэм дыдэу зэтриха шумэданым кьыдих сэмбым иль кIэнфет мащIэр кьыщIэнауэ. Ари сыбгъэгъэкIуэдащ, сыт сэ гурыфIыгъуэу кьысхуэнэжар? И хьэдэ щIым щIэлъу сыбгъэдалъхьэжьынукъым, си яужь кьинэу си кхъаблэ кьыщIэувэжьынукъым... - аргуэрыжьу ирипхъжьэжащ шхыдэн.

Зэрышыдэм хуэдизрэ ди адэшхуэм и кIуэдыкIам и гугъу кьысхуищIащ, си жаГуэ зэрыхъужщи, игъащIэкIэ зэхэзмыхьыкыну а хьыбарыр сIэщIэкIащ, сигу схуиубыдакъым сысабийтэ.

ПIэ щIагъэм щхьIэнтебэм кьэзмыгъанэу щIэсщыкIа нэужь, сигу кьэкIащ: «Иджыпсту нэгъуэщI бэлътоку хьэсщIэнщ, нанэ и бэлътокужьым нэхъ ещхьу», - жысIэри.

Си насыпти, мызэ-мыгъэ ар слъэгъуат: «Мы фейцейр щхьэ иныгъ?» - жысIат.

Зыри жызмыIэу зыкъэзгъэзэхри, шкафым дэлъ цIыхухъу бэлътоку зыбжанэм щыщ кьасщэри, щIыбым сышIэжащ. ЕджапIэм сыкъызэрикIыжа щыгъынри зэрысщыгъуу, кIэпхын хужьри сIулъу пщIантIэкъм ситIысхьауэ асфальт кьурэм бэлътокур щысхъуэу сызэдащIысыну, кузбжэр Iуихри си щхьэхуэ - Алыхьым ещIэ ар абы зэрыхэзэрыхьар.

ЗэшыпхъуитIым нанэ зеддзри Iэплlэрэ бакIэ щIэдгъэнащ, зыдгъэнщIыху дыбгъэдэлащ. Ди анэр кьыщыкIуэжам нанэ и лъэIукIэ зы псалъэкIи зыкъедгъэщIа-кьым.

А махуэм щыщIэдзауэ си гъащIэ псом IуэхугъуэитIым запыIуэдзащ. Япэрауэ, IэмалышагъэкIэ пцIы бупсын хуей хьумэ, ар нэгъуэщIым зэран хуэхъу хьунукъым. ЕтIуанэу, щIэину, фэеплъу, мыльку кьыпхуагъанэм и инагъыр епхакъым абы и лъапIагъэм. Ар зэпльтар кьызыбгъэдэкIамрэ кьызыхуэнамрэ яку дэлъа гъэжьгъэмрэ лъагъуныгъэмрэщ.

БЕЙТЫГЪУЭН ХьэIишэт.

● Щэнхабзэ

«Къэбэрдей уэрамым и гъэмахуэ»

Щэнхабзэмкlэ Налшык и къалэ управленэм и жэрдэмкIэ «Къэбэрдей уэрамым и гъэмахуэ» зыфIаща арт-марафоныр яублащ. Абыкlэ я мурадыр ди къэфакIуэхэмрэ уэрэджьыкIуэхэмрэ я зэфIэкIым къалэдэсхэмрэ ди республикэм и хьэщIэхэмрэ щагъэгъуэзэнырщ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Мамыр гъащIэм хашэжьын папщIэ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур иригъэкIуэкIащ терроризмэм, экстремизмэм, хабзэхъумэхэм, дзэ къулыкъущIэхэм, судыщIэхэм ятеуэхэм япэщIэтынымкIэ Iуэхущапlэхэм эдэай лэжьакIуэ гупым и зэIущIэ. Абы хэтащ хабзэхъумэ, кIэлъыплъакIуэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэмрэ КъБР-м экстремизмэмрэ щIалэгъуалэ политикэмрэ япыщIа лэжьыгъэхэр щыпIэхэм щызэгъэуIуныжмкIэ и министр Къуэшырокъуэ Залымэр.

ЗЭХЫХЬЭМ щыхэплъащ цIыхухэр, псом япэу, щlалэгъуалэр терроризм (экстремизм) хьэгъащIагъэхэм хуэзыгъуэш щхьэусыгъуэ зэмылIужьыгъуэхэр. КъэзыгъэкIуэ ягъэфIэкIуэнымк теуэрауэ къэув къалэнхэм. КъэзэрагъэльэгъуамкIэ, терроризм (экстремизм) хуэмэбжьымэм пыщIахэм зэхащIыхьэр куууэ, нэгъэсауэ щызэхамыгъакI щыIэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ дяпэкIэ лэжьыпхъэхэр ягъэбелджылащ. Апхуэдэу щIэпхъаджагъэ лIэужьыгъуэхэр зэрызэхащIыжьхэр, терроризм хьэгъэщагъэхэр зыхуэдэр (УФ-м и УК-м и 205-нэ статья), экстремизм, терроризм щIэпхъаджагъэхэр зэуIуу кьызэралъытэ щIыкIэр (УФ-м и УК-м и 205.5-нэ, 208-нэ статьяхэр, УФ-м и УК-м и 280-нэ, 282-нэ, 205.2-нэ статьяхэр) зэпкърахащ.

Зэхьыхьэм кьыщащтащ экстремизм, терроризм хьэгъэщагъэхэм нэхъ ткIийуэ ятпэщIэтынымкIэ лэжьыпхъэхэр щыгъэбелджыла унафэ.

ЗэпуIэм кьыщыхагъэщащ хабзэм кьемызэгъэну Iэщэ кьэзыщтахэм, абыхэм я IыхьлхэмI, я благъэзэм ядэлэжьэнымк, щхьэрыуахэр, ягъэжэкъуахэр мамыр гъащIэм хьэхьжьыныжмкIэ щыIэ Iэмалхэм хэгъэгъуэзэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Улахуэр ягъэгувэу ядэркъым

«Кавказкабель» кабель завод» акционер обществэм лэжьыгъэмкIэ законодательствэр зэригъэзащIэр Прохладнэ къалэм и прокуратурэм хэпищащ.

КъЫЗЭРАХУТАМКIЭ, Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмкlэ и кодексым и 136-нэ статьям и 6-нэ Iыхьэм кьигъэувкэр предприятэм кьызэпеуд, 2017 гъэм и гъатхэпэ - мэлыжьыхьэ мазэхэм кьриубыдэу улахуэр итакъым. Апхуэдэ щIыкIэ, и лэжьакIуэ 785-м я щIыхуэу сом мелуан 13,3-м щIигъу зэтригъэхьащ.

Абы кьыхэкIыу, УФ-м и КоАП-м и 5.27-нэ статьям и 6-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ, къалэм и прокуратурэм «Кавказкабель» кабель завод» акционер обществэм хуэгъэзащ административнэ Iэзэу кьызэIуихащ (улахуэр и чэзум зэримытым кьызэкIыу). А тхьылъым хэплъэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым Лэжьыгъэмкlэ и къэралыр инспекцэм административнэ Iуэхуэу сом мин 50 заводым трилъхащ.

КьищынэмыщIауэ, кьахута ныкъуэсанигъэхэр ягъэзэкIуэжьну къалэн ящIэщIт тхьылъ предприятэм и унафэщIхэм я щIэкIэ ягъэхьэзыращ.

Ягъэгува улахуэр кьанэ щымыIэу лэжьакIуэхэм иратыжащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапlэ.

● Макъыщ Iэхэр

Жылэ Альбинэ зэвгъэцIыху

Ди зэманым уэрэджьыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ куэд хъуащ. Апхуэдэу щытми, цIыхухэм дэрэжэгъуэ езыту, нэщхьеягъуэр ящхьэщIэзыхыну, а Iэщlагъэм гукIи псэкIи етауэ хуэлажьэхэр мащIэщ. Мы тхыгъэ кIэщlымкIэ фэзгъэцIыхуну сыхуейщ уэрэджьыIакIуэ ныбжьыщIэхэм ящыщ зы.

ЖЫЛЭ Альбинэ и теплъэ зэкIужьмэрэ и макъ дахэмкIэ кьахоущ утыку ихьагъащIэ иджыйрей ди «вагъуэзэм». Ар 1996 гъэм Аруан районым и щыхьэр Нартхалъэ щыщалъхьащ. ИлъэсиплI ныбжьым щитым ар балетым хуагъэсэну ирагъащ икIи илъэсищкIэ абы хэтащ. Макъамэм дихьэха пщащэр Нартхалъэ дзт Музыкэ школым фортепианэ еуэкIэм щыхуагъасэ и къудамэм щеджащ. Етхуанэ кIасщэм щIэсу Альбинэ кIуэн щIидзащ уэрэд жьIэныжмкIэ абы кьыщIэсIуаха къудамэм. Уэрэд жиIэн щIидзагъащIэу, Аруан районым щрагъэкIуэкIа «Алло, мы ищем таланты» зэпеуэм хэтащ. КьыкlэлъыкIуэу ар и зэфIэкI щеплъыжащ Санкт-Петербург къалэмрэ Тырку къэралыгъуэмрэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм. Аращ Пащащэм и зэфIэкIкIэр нэсу кьызэкъуихыныжмкIэ кьыдэIэпыкъуэр, уэрэд жьIэным и щхьэхуэм хэзыгъэгъуэзар, чэнджэщ щхьэпэхэр кьеЗытар, утыку ихьащ уэрэджьыIакIуэ цIэрыIуэ Урирнэщ, Даурым и гъэсэн хъыджэбзыр ящащ. Ильэс нэхъ дэмыкIыу, Мэкъуэр а Iэнатlэм и унафэщIым и кьуэдзэ мэхъу. ЖыIэ хъунущ а Iуэхущапlэм и пIабжьэр зыгъэтIысыпа цIыху пэрытхэм ар ящыщу.

ФатIимэт цIыхугъэшхуэ зыхэлъщ, зи Iэщlагъэр гурэпсэкIэ фIыуэ зыльагъущ, кьыдэлажьэхэм я дежкIэ щапхъэщ. Зи унафэщI Iуэхущапlэм Мэкъуэм и псалъэхэр хабзэ щыхуащ жытIэми дыщыкъунэкъым. «Сабийхэр фIыуэ лъагъунэр гъэсакIуэм и лъым хэмытмэ, абы пхуещIэн щIэнэкъым. ЦIыхум и гур кьабзэмэ, и гъэсэнхэри и бынхэм хуэдэу фIыуэ ильагъунущ», - жиIэ зэпытщ абы. ИпэжьипIэкIи, унагъуэ зэхуэмыдэхэм я кьыщыхъу сабийхэр зэгурыфIалуэу, зыр адрейм едаIуэрэ здэуушэу, ерыскъыкIи здэгъашэхэу ебгъэсэн папщIэ, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм, абыхэм я къэухьым зегъэужьыным. Абы и унафэм щIэтщ аспирантхэр, я кандидат лэжьыгъэр екIуу пхагъэкIыныжмкIэ куэдым сабэп яхуэхъуащ. Хъусен иригъэкIуэкI лекцэхэр купщIафIэщ, щlалэгъуэщ. Абы иригъэджащ «Машинэхэм я пкъыгъуэхэр», «ХьэпэлъэIэт машинэхэм я лэжьэкIэр», «Машинэхэм я ву макъыр нэхъ кIащхъэ зэращI Iэмалхэр», «Механикэр зэрызэхэт Iыхьэхэр», нэгъуэщI дерсхэмкIи. Зи лэжьыгъэм сыт щыгъуи щIэ гуэр хэзылъхьэну хущIэкъуэ егъэджакIуэм студентхэр щIэныгъэр зэзыгъэгъуэтыну гукъыдэж зыщIа ныбжьыщIэхэм папщIэ ямыфенцэхэр зэхэубгъэ, лабораторнэ лэжьыгъэхэр ядрегъэкIуэкI.

- ЗбгъэдэлъщIэныгъэмкIэ студентхэм садэгущэныщ сызыхущIэкъуэр, - жеIэ Хъусен. - Пасэрейм жиIащ «Уи ятIонтIэ бгъажэ мывэрщ узыхуэзэжьнур». ДЫя дпжьмэ, фIыщ кьыпэкIуэнур. Дэ кьыттпкърыкI фIыгъуэрщ щlалэгъуалэм ялъагъунур, зыхалъхьэнур. НыбжьыщIэхэр щIэныгъэм и гъэгум тетшэныщ дызыхущкъэчун хуейр.

Сэбаншы Хъусен и Iэдакъэм кьыщIэкIащ монографиеу 3, студентхэр зэреджэн тхьылъ щхьэпэхэр, статьяхэр, щхьэхуэу 300-м нэс. НэхъыжьыфIым илэжь Iуэхуфlхэм папщIэ яхуэралми гулъытэ хэха кьыхуищIащ. КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iуэхуэкмкlэ, Экономикэмкlэ, Финансхэмкlэ и министерствэхэм кьабгъэдэкI щIыхь, щIытхъу тхьылъхэр Хъусен кьыхуагъэфэщащ, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр къратащ. Ар Естественознаниемкlэ Урысей академием, ЩIДАА-м я академикщ.

Сэбаншыхэ я лъэпкъыр ирогушхуэ Хъусен хуэдэ цIыху гъуэзэджэ кьазэрыхэкIам, абы ищIэ лэжьыгъэфIэкIэм иропагъ. Ар жьыджэру хэтщ жылагъуэ Iуэхухэмк.

- Ильэс къэскIэ Сэбаншыхэ лъэпкъ зэхуэс дощI. Псом хуэмыдэу щlалэгъуалэр зэрыщIэныжмкIэ, зэрыщIыхьныжмкIэ апхуэдэ зэхьыхьэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ. КьыхэсэщIапхъэщ егъэджэныгъэ, бзаркъэзэ, гъуазджэ, спорт я лъэныкъуэкIэ лъэпкъым кьыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэм я ехьулIэныгъэхэр кьыззэрытлъытэр, я цIэхэр фIыкIэ кьыззэритIуэр, саугъэтхэр зэреттIыр.

Сэбаншы Хъусен унагъуэ дахэ иIэщ. И щхьэгъусэ Куэтэншы ФатIимэрэ езымрэ зэгурыIуэу, хабзэрэ нэмысрэ я зэхуаку дэлъу зэрызэдзэпсэрэ илъэс 45-рэ мэхъу. ФатIимэ анэ гумызагъэщ, анэшхуэ гумащIэщ. И Iэщlагъэкlэ дохутырщ, терапевту илъэс куэдкIэ лэжьащ щыгъэу иIэу, илъэс 25-кIэ дохутыр нэхъыщхьэу щытащ «Къурш хьэуа» зыгъэпсэхлIэм. Зэщхьэгъусэхэм зэдагъэтащ бынищ. Абыхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ ираташ. Япхъу Жаннетэ медицинэ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ. КъБКъУ-м и медицинэ факультетым щрегъаджэ. КъыкIэлъыкIуэр Маринэщ, Бэрсокъуэхэ я нысэщ, зы щlалэ цIыкIу иIэщ. Я щlалэ нэхъыщIэ Анзор экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, унагъэущ, щlалэ цIыкIуитI иIэщ. Хъусенрэ ФатIимэрэ бынымэ я бынынхэм ящыгъфIыкIыу мэпсэу.

Хъусен иджыри цIыху жыджэрщ, уущикIыу Iэзэщ, зэманым зыдезыгъэкIу цIыху щыпкъэщ.

ТАБЫЩ Динарэ.

● «Адыгэ псалъэм» и гъэсэнхэр

Псэм къыхиха лъагъуэ

Нобэ фIыкIэ зи цIэ къисIуэну сызыхуейр Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №84-м къеГэщIыпIа «Сабиигъуэ» сабий садым и унафэщI Мэкъуэй ФатIимэтщ.

ЛЭСКЭН щIыналъэм и къуажащхьэ Старэ Лэскэн, иджы Анзорейкlэ зэджэм, курыт еджапIэр кьыщIуха ижь, ар 1994 гъэм КъБКъУ-м щIотIысхьэ, Педагогикэмрэ щIэлбэм пэщIэдзэ щIэныгъэ етыныжмкIэ и факультетым заочнэу щеджэну. ИльэситI докIри, Мэкъуэй ФатIимэт езыр зыщIэса школым урысыбзэмкIэ егъэджакIуэу къащтэ.

Дызэрыщыгъуазэщи, 2004 гъэм Аруан, Лэскэн районхэр, япэм зэрыщытам ещхьу, щIыналъэ щхьэхуэщхьэхуэ ящIыжащ. А лъэхъэнэ дыдэм ФатIимэт иужьрейм и администрацIэщIэм сабий садхэр зэгъэщIыпIа и кьудамэм и IэщlагъэлI нэхъыщхьэу яГуэ. Ильэс нэхъ дэмыкIыу, Мэкъуэйр а Iэнатlэм и унафэщIым и кьуэдзэ мэхъу. ЖыIэ хъунущ а Iуэхущапlэм и пIабжьэр зыгъэтIысыпа цIыху пэрытхэм ар ящыщу.

ФатIимэт цIыхугъэшхуэ зыхэлъщ, зи Iэщlагъэр гурэпсэкIэ фIыуэ зыльагъущ, кьыдэлажьэхэм я дежкIэ щапхъэщ. Зи унафэщI Iуэхущапlэм Мэкъуэм и псалъэхэр хабзэ щыхуащ жытIэми дыщыкъунэкъым. «Сабийхэр фIыуэ лъагъунэр гъэсакIуэм и лъым хэмытмэ, абы пхуещIэн щIэнэкъым. ЦIыхум и гур кьабзэмэ, и гъэсэнхэри и бынхэм хуэдэу фIыуэ ильагъунущ», - жиIэ зэпытщ абы. ИпэжьипIэкIи, унагъуэ зэхуэмыдэхэм я кьыщыхъу сабийхэр зэгурыфIалуэу, зыр адрейм едаIуэрэ здэуушэу, ерыскъыкIи здэгъашэхэу ебгъэсэн папщIэ, зэрыщIэныжмкIэ, абыхэм я къэухьым зегъэужьыным щыщIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм, абыхэм я унафэм щIэтщ аспирантхэр, я кандидат лэжьыгъэр екIуу пхагъэкIыныжмкIэ куэдым сабэп яхуэхъуащ. Хъусен иригъэкIуэкI лекцэхэр купщIафIэщ, щlалэгъуэщ. Абы иригъэджащ «Машинэхэм я пкъыгъуэхэр», «ХьэпэлъэIэт машинэхэм я лэжьэкIэр», «Машинэхэм я ву макъыр нэхъ кIащхъэ зэращI Iэмалхэр», «Механикэр зэрызэхэт Iыхьэхэр», нэгъуэщI дерсхэмкIи. Зи лэжьыгъэм сыт щыгъуи щIэ гуэр хэзылъхьэну хущIэкъуэ егъэджакIуэм студентхэр щIэныгъэр зэзыгъэгъуэтыну гукъыдэж зыщIа ныбжьыщIэхэм папщIэ ямыфенцэхэр зэхэубгъэ, лабораторнэ лэжьыгъэхэр ядрегъэкIуэкI.

Сэбаншы Хъусен и Iэдакъэм кьыщIэкIащ монографиеу 3, студентхэр зэреджэн тх

«Шагъдий» цІыхубэ ансамблым и гуфІэгъуэ пшыхь

● Гъуазджэ

Унэжокъуэ зэщхьэгъусэхэу Тимуррэ Заремэрэ эи художественнэ унафэщІ «Шагъдий» цІыхубэ ансамблыр ильэситху зэрырикъум и щІыхьклІэ къыдэгъэпэща концерт Театр щхъуантІэм щекІуэкІащ иджыблагъэ. Ар ирагъэкІуэкІащ Аттаев Азнор, КІэхумахуэ ФатІимэ, ТхьэмытлІокъуэ Славик, Третьяк Татьянэ сымэ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий и хъуэхъу.

Ансамблым и гуфІэгъуэ пшыхьым цІыху куэд зэхуишэсат. Си фащэкІи зыІыгъыкІэкІи, зэпэщу зыкъэзыгъэлъагъуэ «Шагъдийм» и къэфакІуэхэм я утыку итыкІэр гум дыхьэрт. Удзэхьэхт лъэпкъ зэхуэмыдзэхэм я къафэхэу ныбжьыщІэхэм ягъэзэщІахэр. Мыбдежым щызэхэпщІэрт къафэр бзэ зэрыхуэмыныкъуэр. Си школ кІуэгъуэ мыхъуа, ансамблым и гуп нэхъыщІэм хэт цІыкІуэхми лъэпкъ фащэр къащыпсу утыку зэритари сыт и уасэт?!

Ансамблым ехъуэхъуну, я пшыхьыр зэрахузэфІэкІкІэ хуагъэдзэкэну абы зыкъорагъэхьэлІат республикэм и уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэу Нэхущ Чэрим, Сокъур Ольгэ, Третьяк Татьянэ, Текуев Амур, Хьажьрокъуэ Султъан, Дыщэкі Артур, пшынауэ, уэрэдус, макъамэтх Лосэн Тимур эи художественнэ унафэщІ «Бзэрабзэ» арт-центрым, «PLAZMA» гупым, нэгъуэщІхэми.

«Шагъдий» ансамблыр пІалъэ кІэщІым кІуирыбудэу республикэ, урысейпсо зэпеуэ зыбжанэм пашэ щыхъуащ, абыхэм щэнхабзэ фестивалхэм гукъинэжу зыкъыщагъэлъагъуэ, я къэфэкІэри куэдым гунэс ящохъу. НыбжьыщІэхэмрэ я гъэсакІуэхэмрэ я щІэр щІыналъэ куэдым къыщрагъэІуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ ансамблым и къэфакІуэхэр псапэ Іуэхухэм жыджэру зэрыхэтри.

Зи юбилейр зыгъэпэлІэ ансамблымрэ абы и художественнэ унафэщІхэмрэ захуигъэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент **Сэхъурокъуэ Хьэутий**:

- Макъамэм, къафэ гъуэзджэм цІыхухэр зэкъуегъэзэщ, ахэр фІым, гуапагъэм хуегъэуш. Налшык къали Урысейм и нэгъуэщІ щІыналъэхэми щекІуэкІ зэхъхьэхэм хэтхэм я гукъыдэжыр зыІэт, цІыхухэм дзрэжэгъуэ езыт ансамблым и ехъулІэныгъэхэм хигъэхъуэну, адэкІи зиужьыну ди гуапэщ. Лъэпкъ куэдым я зэфІэкІ щагъэлъагъуэ зэпеуэхэм хэт, республикэм и цІэкІэ утыку ихьэ ди къэфакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІым дрогушхуэ. Абыхэм я ехъулІэныгъэхэр щыхьэт тохъуэ ахэр къафэ гъуэзджэм гукІи псэкІи зэрыхэтым. Гупыр ящыщщ щІыналъэхэм яку дэлъ щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр нэхъри зыгъэбыдэхэм. Ансамблым и художественнэ унафэщІхэмрэ ныбжьыщІэхэм я адэ-анэхэмрэ фІыщІэ яхуэфащэщ.

ЗэрыжаІэу, щІэдзапІэ зиІэ сыт хуэдэ Іуэхугъуэми кІэухи иІащ. Пшыхь щІэщыгъуэр и кІэм щынэблагъэм ныбжьыщІэхэм унэишэ теплъэгъуэр ягъэзэщІащ, концертыр уджпыукІэ зэхуащІыжащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Іуащхьэмахуэ, Шэрэдж щІыналъэхэм я саугъэтхэр

● Шыгъажэ

Налшык и шыгъэжапІэм бадзэуэгъуэм и 9-м щекІуэкІащ зи чэзу зэпеуэхэр. Шууей нэхъыфІхэр зэныкъуэкъуащ Іуащхьэмахуэ, Шэрэдж муниципальнэ районхэм ягъэува саугъэтхэр къахьыну.

ТХЬЭМАХУЭ ипэкІэ Тэрч районым и саугъэтхэм шууейхэр щІэбэнащ. Иджы и чэзу хъуащ Іуащхьэмахуэ, Шэрэдж щІыналъэхэм ягъэувахэр зыІэрагъэхьэну.

Зэхьэзэхуэм и пэ къыхуэу къыдзэхуэсахэм псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ «Урысей шыгъэжапІэхэр» ОАО-м Кавказ Ищхьэрэ, Ипщэ федеральнэ округхэм щиІэ къудамэм и унафэщІ Щоджэн Хьэчим, Іуащхьэмахуэ район администрацэм и Іэтащхьэ Залиханов Къанщобий, Шэрэдж район администрацэм и Іэтащхьэм и къудзэ Ульбашев Сэхьэдин сымэ. Абыхэм къыхэгъэщащ шы спортыр къэгъэщІэрэщІэжьным, абы цІыхухэр дегъэхьэным мыхьэнэшхэу зэраІэр.

Хабзэ хъуауэ ягъэув саугъэтитхум ящыщу нэхъыщхьэу щытащ Іуащхьэмахуэ районн администрацэм и Іэтащхьэм ейр. Метр 2400-р ипэу къыхэзринэкІри, ар зыІэригъэхьащ Сэкрэкым и шы заводым щагъэса Ифтихар. Псалъэм къыдэкІуэу къыхэдгъэщынци, мазэ ипэкІэ ар Мэзкуу президент шыгъажэм щыІащ икІи еплІанэу къэсащ.

Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и пресс-Іэнатіэм и унафэщІ Тарим Алисэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, иджыри саугъэт зыбжанэ а щІыналъэм игъэуват. Апхуэдэу «Іуащхьэмахуэ курорт» АО-м ейм щІэбэнащ илъэситІ зы ныбжь шыхэр. Псом ипэу метр 1200-р зэпичри, ар Іэрыхьащ Мэрият шыбзым. «Іуащхьэмахуэ», «Чегет» кІапсэ гъэгухэм я саугъэтхэр ихьащ Шторм Атак шым. Метр 1400-м щынэхъыфІащ шыщІэ Грейнесс Найт. Абы иратащ Тырныауэ къалэм игъэува саугъэтыр.

Шэрэдж районым и цІыху цІэрыІуэхэм я щІыхьклІи шыгъажэхэр щыІащ. Ахэр ягъэуват балъкъэр усыгъэм и классик Мечиев Кязим, Советскэм и ПІыхьыжьхэу Къэрдэн зэкъуэшхэу Къубатийрэ Къэбардэрэ, Уммаев Мухьэжыр сымэ я цІэкІэ.

Шыгъажэр щекІуэкІ махуэхэм зэрыщыхабзэу, тотализаторыр лэжьащ. Зэпеуэхэр щІэзэпыум и деж, къыдзэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ Іуащхьэмахуэ, Шэрэдж районхэм я творческэ гупхэм.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● Гъэмахуэ-2017

Адэ-анэхэм я лъэІукІэ

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм сабий садхэм я нэхъыбапІэр зэхуащІ, ахэр гъэ еджэгъуэщІэм хуагъэхьэзырну, зэгъэпэщщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІыну. АрщхьэкІэ щыІэщ гъэмахуэм и кІуэцІкІэ сабийхэм папщІэ зи бжэхэр зэІуахэри. Унагъуэхэм зыщІагъакъуэу ахэр мэлажьэ, адэ-анэхэм я лъэІукІэ.

АПХУЭДЭ сабий гъэсапІэ 11 Налшык къалэм щыпхжьэнущ бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ щыщхьэуІуэм и 18 пщІондэ. Абыхэм екІуэлІэнущ псори зэхэту щыкІу 2343-рэ. Зи адэ-анэхэр лэжьапІэ ІэнатІэ Іуту, кІэлъыплъыныгъэм щІэмыту къанэ сабийхэм папщІэ гъэмахуэм лэжьэнущ гъэсапІэхэу №№ 10-р, 14-р, 28-р, 29-р, 49-р, 55-р, 56-р, 58-р, 70-р, 72-р, 73-р. Ахэр я нэІэм щІэтщ къалэм дэт курыт школхэу №№ 5-м, 14-м, 23-м, 27-м, 31-м.

Сабий садхэр мэлажьэ сыхьэти 7-м къыщыщІэдзауэ 19 пщІондэ.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Футбол

ТхьэмахуитІкІэ загъэпсэхуауэ...

КъБР-м футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2017 гъэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и япэ къекІуэкІыгъуэр ирагащ.

ЗЭПЕУЭМ зэрыщІидзэрэ бжьыпэр зыІыгъ «Автозапчасть»-м щекІуэкІ ешІуанэу очкоитІ фІэкІуэдащ, арщхьэкІэ зыми къыхимыгъэщІэфауэ ялэ къекІуэкІыгъуэр кърихьэлІащ. Иужьу бахьсэндэсхэр мащІэу къызэтрагъэувыІащ Сэрмакъ и «Союз»-м и футболистхэм.

ТекІуэныгъэ къахьам и бжьигъэмкІи, топу дагъэкІамкІи, къыхудагъэкІамкІи, зыми къызэрыхимыгъэщІэфамкІи «Автозапчасть»-р псоми ялэ итщ икІи хуэфащэ дыдэу зэхьэзэхуэм абы пашэныгъэр щиІыгъщ. Апхуэдэурэ екІуэкІмэ, 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионр пасэу зэхэкІынущ. Дауи, абыкІэ арэзыкъым пашэм зэкІэ нэхъ пэгъунэгъу «Тэрчыр». Ари щІохъуэпс республикэм футболымкІэ и зэхьэзэхуэ нэхъыщхьэм щытекІуэну. Гугъэ гуэрхэр яІэу къыщІэкІынущ «Бедик»-ми, «Союз»-ми, «ПсыгуэнсУми». А псори наІуэ къыщІынущ зэхьэзэхуэм и етІуанэ Іыхьэм.

КъыкІэрыхухэм я Іэхуэхэми фІы и лъэныкъуэкІэ зихъуэжакъым. Зэи темыкІуэфауэ ялэ къекІуэкІыгъуэр яухащ «Жулдуз»-мрэ «ГорИс-179»-мрэ. Пэжщ, прохладнэдзэхэм спонсор лъэрыгъэхьэ бжахукъуэкІ хуэдэщ икІи апхуэдэу къэхъумэ, мыгувэу заужьыжыну фэ ятетщ. Ардыдэр пхужьІэныгъкъым Хьэсэней и командэмрэ «Бахъсэныр»э ятеуухуауэ.

ЩыгъуазэщІ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр тхьэмахуитІкІэ зэпагъэуауэ щытащ. Абы и етІуанэ къекІуэкІыгъуэм бадзэуэгъуэм и 15-м щІидзэнущ. А махуэмрэ къыкІэлъыкІуэмрэ зэдзэджэгуныущ «Къундетей» - «Нарт», «Автозапчасть» - «Жулдуз», «Велес-СДЮСШОР» - «ГорИс-179, «Бедик» - «ЛогоВАЗ», «Союз» - «Псыкуэд», «Тэрч» - «Родник», «Псыгуэнсу» - «ХьэтІохъуащкъуей», «Керт» - «Балъхъсэн» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	15	13	2	0	82-8	41
2.	«Тэрч»	15	12	0	3	39-11	36
3.	«Бедик»	15	10	2	3	32-15	32
4.	«Союз»	15	9	3	3	55-30	30
5.	«Керт»	15	7	4	4	39-27	25
6.	«ПсыгуэнсУ»	13	7	3	3	32-20	24
7.	«Псыкуэд»	15	6	5	4	33-32	23
8.	«ЛогоВАЗ»	15	7	2	6	34-27	23
9.	«Нарт»	15	6	3	6	34-29	21
10.	«Велес-СДЮСШОР»	15	6	3	6	30-29	21
11.	«Къундетей»	15	4	2	9	25-42	14
12.	«ХьэтІохъущкъуей»	15	4	2	9	21-41	14
13.	«Родник»	15	3	4	8	25-49	13
14.	«Бахъсэн»	15	2	1	12	18-59	7
15.	«Жулдуз»	14	0	4	10	17-52	4
16.	«ГорИс-179»	14	0	4	10	13-58	4

● Профсоюзхэр

НыбжьыщІэхэм ядолажьэ

КъБР-м и Профсоюзхэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ я къалэ комитетым и жэрдэмкІэ къагъэщІэрэщІэж зэман пэкІэ ирагъэкІуэкІыу щыта профсоюз сыхьэтхэр.

9 - 11-нэ КЛАССХЭМ щеджэ ныбжьыщІэхэр ди къэралым и Конституцэм и хабзэхэм щыгъэгъуэзэным, еджэныгъэ, лэжьыгъэ я лъэныкъуэкІэ езыхэм я хуитныгъэхэм фІыуэ хащІыкІыу, я Іуэху еплъыкІэ гъэхуэ я Іэжу курыт школхэр къеГэуэхыным тегъэщІа еджэныгъэхэр щрагъэкІуэкІащ Налшык дэт курыт еджапІэхэу №№07, 9, 12, 15, 25-хэм, 1-нэ, 9-нэ, 15-нэ гимназиехэм. Уеблэмэ, абыхэм яхэтщ гъэ еджэгъуэр яуэхыным нэмысу дерс зэІухахэр тІэурытІэ ирагъэкІуэкІыну къызыльысахэри.

«Дерсхэр» щапхъэ зэмылІэужьыгъуэхэм иту зэрекІуэкІым ныбжьыщІэхэр дехьэх. Апхуэдэщ «стІол хъуреи» зэпсэльэныгъэхэр, зэдаэуэу, зэдзэджэгуу, упщІэ-жэуап мардэхэм тету къызэрагъэпэщащэр. Мыбыхэм къыщІэлэт мы зэманым ныбжьыщІэхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр, псалъэм папщІэ, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм лэжьэну хуейхэм Іуэхущ Іапіэм щагъэкІуэну сыхьэт бжыгъэмрэ улахуэмрэ теухуа упщІэхэр.

«Нобэ едгъэкІуэкІ дерсхэр ныбжьыщІэхэм школ нэужьми къаззэрыхуэсэбэпыкым и щапхъэ куэд диІэщ. Къапщтэмэ, иджыблагъэ ди дерсхэм я фІыгъэкІэ къызэтрагъэнащ еджапІэм къыщагъэкІыжыну унафэ зытращІыхьа зы хъыджэбз щІыкІу - абы сыхьэт бжыгъэфІ диутІыпщІкІат. ЕджапІэм и профсоюзым Іуэхум и пэжыпІэр зэхигъэкІа нэужь, ар бынунагъуэшхэм къыхэкІауэ икІи Іэмалыншагъэкіэ еджапІэм мыкІуэу къыщІэкІащ»,- жиІащ комитетым и унафэщІ Уэлджыр Татьянэ.

Профсоюзхэм зэгурыІуэныгъэ иращІыпІауэ зыдэлажьэ школхэм ящыщу мы Іуэхум нэхъ жыджэру хэтхэм комитетым къыбгъэдэкІыу щытхъу тхьапхъэр ирагащ. Абыхэм яхэтщ школ унафэщІхэри, егъэджакІуэхэри, еджакІуэхэри.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къанщокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленениум и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэныкъмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дзГъЬЩ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгбаз эм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленениум и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **Жылаесэ Заурбэч,** *корректорхэу* **ЩІхьэщэмыщІ Изэ** *(3, 4-нэ нап.),* **НэщэпыджэкъуэЗаирэ.** *(1, 2-нэ нап.). Компьютеркіэ газетым и тепльэр яущащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.455 ● Заказ №875